

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Sumber Data

3.1.1 Lokasi Panalungtikan

Ieu lokasi panalungtikan pernahna di Désa Pangulah Selatan Kacamatan Kotabaru Kabupatén Karawang. Sacara topografis Désa Pangulah Selatan kaasup daérah dataran handap. Suhu alamna aya dina kaayaan panas jeung gedé angin. Lega daérahna \pm 556,381 hektar. Désa Pangulah Selatan wates wilayahna nya éta di kulon watesna jeung Désa Jomin Barat jeung Timur, di kidul watesna Désa Wancimekar, di wetan watesna jeung Pangulah Utara, jeung di kaler watesna Pangulah Utara.

Nurutkeun data nu aya di Désa Pangulah Selatan taun 2012, jumlah pendudukna nya éta 12.903 urang, nu lalaki aya 6.576 urang, awéwé aya 6.327 urang, tina jumlah penduduk anu sakitu kabagi kana 3.064 Kepala Kelurga (KK). Wincikan jumlah penduduk dumasar kana klasifikasi umur bisa katitén dina profil Désa Pangulah Selatan.


Pakasaban masarakat Désa Pangulah Selatan nya éta patani 27%, nu ngingu ingon-ingon 0,1%, PNS 0,4%, padagang 38%, karyawan swasta 9%, pengusaha menengah 0,2%, montir 0,1%, jeung TNI/POLRI 0,1%. Salian ti éta, masarakat Désa Pangulah Selatan mangrupa masarakat agraris tradisional lantaran daérahna mangrupa daérah “pasawahan”.

Atikan anu dilakonan ku masarakat Désa Pangulah Selatan nya éta: SD, SMP, SMA, nepi ka paguron luhur ogé dihontal. Agama jeung kapercayaan masarakat lolobana ngagem agama Islam (12.886 urang), Kristen (46 urang), jeung Budha (saurang). Étnis anu aya di Désa Pangulah Selatan lolobana urang Sunda (9.816 urang), Jawa (2.654 urang), Betawi (817 urang), Batak (18 urang). Basa nu digunakeun dina hirup kumbuhna sapopoé di Désa Pangulah Selatan lolobana

ngagunakeun basa Sunda. salian ti éta aya ogé anu ngagunakeun basa nasional (Indonésia) lantaran teu sakabéh masarakatna urang Sunda.

Gambar 3.1

Peta Wilayah Désa Pangulah Selatan



●	Émpang	+++++	Jalan Gang
.....	Wates Désa	□	Lapang Désa
	Jalan Karéta		
—	Jalan Utama		
—	Jalan Désa		

Egi Praja Septian, 2013

STRUKTUR PUISI MANTRA DI DÉSA PANGULAH SELATAN KACAMATAN KOTABARU KABUPATEN KARAWANG PIKEUN BAHAN AJAR MACA DI SMA KELAS X

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.1.2 Informan

Anu jadi sumber data dina panalungtikan ieu nya éta masarakat wewengkon Pangulah Selatan anu apal kana puisi mantra, di antarana: (1) anu dianggap sesepuh di unggal wewengkon; (2) tokoh masarakat; (3) inohong di éta wewengkon; jeung (4) aparat désa.

Nurutkeun Isnendes (2010:104), anu jadi informan kudu nyumponan sababaraha katangtuan, nya éta: (1) kategori umur informan per 20-an (a) 0-20 taun, (b) 21-40 taun, (c) 41-60 taun, (d) 61-80 taun, 81-100 taun, (e) 81-100 taun, (f) 101-120 taun; (2) pituin asli ti wewengkon éta; (3) miboga pakasaban anu matuh; (4) omongan béntés jeung teu kurang dédégéan; (5) masih kénéh sehat jasmani jeung rohani; sarta (6) apal kana puisi mantra anu aya di daérah éta.

Tabél 3.1
Data Informan di Désa Pangulah Selatan

No	Informan	Umur	Alamat	Jenjang atikan	No mantra	Jumlah mantra	Kalungguhan/pakasaban
1	2	3	4	5	6	7	8
1	Sumarna	52	Dsn Daringo RT 01 RW 04	SMA	01-01-001 nepi ka 01-07-007	7	Tokoh masarakat
2	Aban Namawi	77	Dsn Daringo RT 01 RW 05	SR	02-01-008 nepi ka 02-11-018	11	Sesepuh Patani
3	Sadun Sunaceng	64	Dsn Daringo RT 01 RW 05	SD	03-01-019 nepi ka 03-02-020	2	Tokoh masarakat
4	Abdul rojak	41	Dsn Daringo RT 01 RW 05	SD	04-01-021	1	Wiraswasta
5	Ki Rasan	89	Dsn Daringo RT 03 RW 04	SR	05-01-022 nepi ka 05-25-046	25	Sesepuh
6	Mad Ali	63	Dsn Daringo RT 01 RW 05	SLP	06-01-047 nepi ka 06-04-050	4	Tokoh masarakat
7	Bah Talim	81	Dsn Karajan RT 02 RW 05	SR	07-01-051 nepi ka 07-07-057	7	Sesepuh
8	Pa Edi	56	Dsn Gandoang RT 03 RW 02	S1	08-01-058 nepi ka 08-10-067	10	Tokoh masarakat Guru
9	Pa Saepul	55	Dsn Gandoang RT 02 RW 02	S1	09-01-068 nepi 09-10-076	10	Guru
10	Miat	61	Dusun Karajan RT 03 RW 04	SR	10-01-077	1	Sesepuh

Egi Praja Septian, 2013

STRUKTUR PUISI MANTRA DI DÉSA PANGULAH SELATAN KACAMATAN KOTABARU KABUPATEN KARAWANG PIKEUN BAHAN AJAR MACA DI SMA KELAS X

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.1.3 Data Puisi Mantra

Data puisi mantra dina ieu panalungtikan nya éta sakabéh puisi mantra di Désa Pangulah Selatan Kacamatan Kotabaru Kabupatén Karawang anu geus dikumpulkeun ku panalungtik

Tabél 3.2
Data Puisi Mantra di Désa Pangulah Selatan
Kacamatan Kotabaru Kabupatén Karawang

No	Asihan	Ajian	Jampé	Rajah	Jangjawokan	Singlar
1	2	3	4	5	6	7
01	01.01.001	01.02.002	01.04.004	05.17.038	02.01.008	01.03.003
02	02.02.009	01.05.005	02.06.013	05.18.039	02.11.018	01.06.006
03	02.04.011	01.07.007	08.01.058	06.01.047	06.04.050	02.05.012
04	02.08.015	02.03.010	08.02.059	06.02.048	07.03.053	02.07.014
05	02.09.016	03.01.019	08.03.060	08.05.062	07.04.054	
06	02.10.017	04.01.021	09.03.070	08.08.065	09.06.073	
07	03.02.020	05.09.030	09.04.071	08.10.067	09.07.074	
08	05.01.022	05.10.031	09.05.072			
09	05.02.023	05.11.032	10.01.077			
10	05.03.024	05.12.033				
11	05.04.025	05.13.034				
12	05.05.026	05.14.035				
13	05.06.027	05.15.036				
14	05.07.028	05.16.037				
15	05.08.029	05.19.040				
16	05.21.042	05.20.041				
17	05.22.043	08.06.063				
18	05.23.044	08.07.064				
19	05.24.045	09.01.068				
20	05.25.046					
21	06.03.049					
22	07.01.051					
23	07.02.052					
24	07.05.055					
25	07.06.056					
26	07.07.057					
27	08.04.061					
28	08.09.066					
29	09.02.069					
30	09.08.075					
31	09.09.076					
Jml	31	20	9	7	7	3

(dumasar kana tabél Isnendes, 1998:57)

Katerangan tina tabél 3.3

Angka 01.02.003 = (1) 01, (2) 02, (3) 003


(1) 01 = Nomer Informan

(2) 02 = Nomer Mantra

(3) 003 = Nomer Jumlah Mantra

3.2 Désain Panalungtikan

Léngkah-léngkah nyusun ieu panalungtikan bisa ditiénan dina bagan ieu di handap:



Bagan 3.1 Désain Panalungtikan

3.3 Méthode Panalungtikan

Métodologi anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode déskriptif. Moh. Nazir (2005: 54) nétélakeun yén:

“Méthode déskriptif adalah suatu méthode dalam meneliti status sekelompok manusia, suatu objék, suatu sét kondisi, suatu sistem pemikiran ataupun suatu kelas peristiwa pada masa sekarang. Tujuan dari penelitian déskriptif ini adalah untuk membuat déskripsi, gambaran atau lukisan secara sistématis, faktual dan aktual mengenai fakta-fakta, sifat-sifat serta hubungan antar fénoména yang diselidiki.”

Méthode déskriptif digunakeun pikeun ngadéskripsikeun, ngagambarkeun, jeung ngajéntrékeun kajadian anu lumangsung mangsa kiwari. Tujuanana nya éta pikeun ngadéskripsikeun jeung ngagambarkeun puisi mantra anu dikumpulkeun di wewengkon Pangulah Selatan.

3.4 Wangenan Operasional

Nurutkeun Nazir (2005:126), wangenan operasional teh nya éta:

“adalah suatu definisi yang diberikan kepada suatu variabel atau konstak dengan cara memberikan arti, atau menspesifikasikan kegiatan, ataupun memberikan suatu operasional yang diperlukan untuk mengukur konstak atau variabel tersebut.”

Wangenan operasional dina panalungtikan ieu nya éta pikeun ngajelaskeun hal-hal anu poko jeung penting dina ieu judul. Patali jeung éta hal, istilah husus nu sacara oprasional dina ieu panalungtikan téh, nya éta:

1) Struktur

Anu dimaksud struktur dina ieu panalungtikan nya éta ngumpulkeun puisi mantra saloba-lobana sarta dianalisis kumaha unsur-unsur anu nyangkaruk dina éta puisi, hususna anu aya di Désa Pangulah Selatan Kacamatan Kotabaru Kabupaten Karawang.

2) Puisi Mantra

Mantra téh hiji génré sastra nu geus aya ti mangsa heubeul. Mantra téh puisi bebas merdika, nu basana arkais jeung éstétis. Anu kaasup kana mantra téh nya éta: (1) jangjawokan; (2) asihan; (3) ajian; (4) rajah; (5) singlar; jeung (6) jampé.

3) Bahan Ajar

Dina pangajaran puisi, ambahan bahan ajarna dumasar kana KTSP Basa jeung Sastra Sunda kurikulum 2006. Bahan Pangajaran puisi baris ditepikeun di jenjang SMA kelas X seméster 2 SK 10.3 KD 10.3.2

3.5 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu digunakeun ku panyusun nya éta: 1) studi pustaka, 2) wawancara, 3) observasi, 4) dokuméntasi, jeung 5) transkripsi.

3.5.1 Studi Pustaka

Studi pustaka digunakeun pikeun néangan jeung nangtukeun dasar-dasar téoritis nu aya patalina jeung subyék panalungtikan.

3.5.2 Wawancara

Wawancara nya éta hiji paguneman nu dilakukeun ku anu ngawawancara pikeun meunangkeun informasi anu dibutuhkeun ti anu diwawancara. Nurutkeun Arikunto (2002:145-146) pelaksanaan wawancara bisa dipasing-pasing anu ngawengku: a) *wawancara bébas (unguided interview)*, b) *wawancara terpimpin (guided interview)*, jeung c) *wawancara bébas terpimpin*.

a. *wawancara bébas (unguided interview)*, dina ieu wawancara nu ngawawancara bébas nanyakeun naon waé ka nu diwawancara, kalawan tetep teu leupas perhatian kana data naon anu bakal dikumpulkeun.

b. *wawancara terpimpin (guided interview)*, nu ngawawancara biasana sok matok kana pananya nu nyampak dina format wawancara, sangkan pananya anu ditepikeun bisa mérélé.

- c. *wawancara bébas terpimpin*, ieu wawancara mangrupa gabungan tina *wawancara bébas* jeung *wawancara terpimpin*. Dina ieu wawancara nu ngawawancara nyadiakeun patalékan sacara gurat badagna wungkul.

Téhnik wawancara pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta *wawancara bébas terpimpin*. Nu diwawancarana nya éta masarakat di wewengkon Pangulah Selatan, anu jadi sumber data (narasumber) katut informan pangrojong kana panalungtikan (perangkat désa, narasumber, jeung masarakat umum).

3.5.3 Observasi

Observasi nya éta niténan langsung hiji objek anu bakal ditalungtik. Dina kagiatan, observasi bisa dilakukeun ku cara tés, kuesionér, rékaman gambar, jeung rékaman sora (Arikunto, 2002:147).

Téhnik observasi dina ieu panalungtikan digunakeun sangkan meunang gambaran anu nyata ngeunaan kaayaan lokasi jeung objek anu ditalungtik.

Sacara gurat badagna, léngkah-léngkah observasi dina ieu panalungtikan, nya éta:

1. nengetan sapopoé masarakat di Désa Pangulah Selatan, naha masih kénéh ngagunakeun mantra atawa henteu;
2. ngayakeun wawancara bébas jeung kepala désa ngeunaan puisi mantra, naha dipibanda kénéh ku masarakat di Désa Pangulah Selatan, kalawan sakalian menta informasi ngeunaan saha-sahana anu sakirana boga mantra di unggal dusun;
3. turun ka lapangan pikeun ngungkab puisi mantra di unggal dusun; jeung
4. nepungan deui narasumber pikeun ngecek jeung ngalengkepan deui data, pangpangna lamun aya nu teu kaharti atawa aya nu kurang jelas (diropéa tina Isnendes, 1998:31).

3.5.4 Dokuméntasi

Dokuméntasi digunakeun pikeun ngarojong informasi data ngeunaan puisi mantra. Data-data anu didokumentasikeun ku panalungtik salila prosés ngumpulkeun

data nya éta: 1) hasil panalungtikan langsung ka objék panalungtikan; 2) foto informan; 3) hasil ngawawancara ka informan.

Dumasar téhnik di luhur, tahap-tahap dina ngumpulkeun data, nya éta: 1) nyusun rarancang panalungtikan; 2) obsérvasi sarta ngumpulkeun data kalawan turun langsung ka lapangan; 3) ngayakeun wawancara; 4) ngadokuméntasikeun sarta ngainventarisir data nu kacangking.

3.5.5 Transkripsi

Transkripsi nya éta prosés mindahkeun data tina wangun *audio visual* anu ngawujud sora kana wangun tulisan. Téhnik transkripsi digunakeun pikeun ngarojong informasi data anu ngawujud rékaman vidéo jeung téks buku sangkan leuwih gampang ditalungtik.

3.6 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nya éta alat anu ngarojong kana panalungtikan. Nurutkeun Arikunto (2002:151) instrumén panalungtikan nya éta alat atawa fasilitas anu digunakeun ku anu nalungtik dina énggoning ngumpulkeun data, sangkan pagawéanana leuwih gampang tur hasilna ogé leuwih hadé, leuwih gancang, leuwih lengkep, jeung sistimatis, sangkan datana leuwih gampang diolah.

3.6.1 Pedoman Wawancara

Runtuyan poin-poin pananya dina tabél 3.1 mangrupa patokan dina wawancara ka informan. Daptar poin-poin patalékan éta ngan ukur gurat badagna. Hartina di lapangan bisa ditambahan salega-legana jeung salaluasa-laluasana.

Tabél 3.3
Pedoman Wawancara

Ruang Lingkup Mantra	
Data Informan	Data Mantra
I	II
1.1 Ngaran Narasumber 1.2 Umur Narasumber 1.3 Jenis Kelamin Narasumber 1.4 Alamat Narasumber 1.5 Pakasaban Narasumber 1.6 Jenjang Atikan Narasumber 1.7 Kalungguhan Narasumber di Masyarakat	2.1 Warna Mantra (Papasingan) 2.2 Téks Mantra (Unina Mantra) 2.3 Asal Mantra (ti saha, iraha, dimana, kumaha, jeung naon sarat pameulina) 2.4 Keur naon Pungsina 2.5 Cara Makéna (kumaha, iraha, dimana, jeung naon sarat makéna)

Diropéa ku Septian tina tabél Isnendes (1998:33)

3.7 Langkah-langkah Panalungtikan

Gurat badag panalungtikan nu dilakonan kabagi kana sababaraha léngkah panalungtikan, nya éta: tatahar, ngumpulkeun data, jeung nyusun laporan.

3.7.1 Tatahar

Kegiatan anu dilaksanakeun dina tahap tatahar ngawengku:

- 1) néangan katerangan ngeunaan masalah anu rék ditalungtik,
- 2) ngajukeun judul panalungtikan,
- 3) nyusun rarancang (proposal panalungtikan), sarta
- 4) konsultasi ka dosén pangaping.

3.7.2 Ngumpulkeun Data

Léngkah-léngkah ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) macaan buku-buku sumber ngeunaan puisi mantra, jeung buku-buku penunjang séjénna pikeun bahan acuan;
- 2) obsérvasi ka lapangan,
- 3) wawancara ka narasumber,
- 4) ngumpulkeun data, sarta
- 5) konsultasi jeung dosén pangaping.

3.7.3 Nganalisis Data

Kegiatan nu dilaksanakeun ngawengku:

- 1) mariksa jeung ngaidéntifikasi data nu geus kakumpul,
- 2) nganalisis data,
- 3) nyieun kacindekan analisis, sarta
- 4) konsultasi ka dosén pangaping.

3.7.4 Nyusun Laporan

Nyusun laporan mangrupa tahap anu pamungkas tina tahapan panalungtikan. Dina ieu laporan sagala hasil panalungtikan dipidangkeun. Laporan di dieu mangrupa wangun skripsi.

Anapon sistematika dina nyusun laporan, nya éta:

- 1) Bab I Bubuka;
- 2) Bab II Mantra jeung Bahan Pangajaran Maca Puisi;
- 3) Bab III Métodologi Panalungtikan;
- 4) Bab IV Struktur Puisi Mantra di Désa Pangulah Selatan Kacamatan Kotabaru Kabupatén Karawang pikeun Bahan Ajar Maca di SMA Kelas X;
- 5) Bab V Kacindekan jeung Saran.